



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 21/7/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN PWOJÈ-LWA POU EGZANTE TAKS LAVANT SOU PWODUI IJYÈN FEMINEN YO

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te siyen pwojè-lwa ki elimine taks lavant sou pwodui ijyèn feminen yo.

Lwa (A.7555-A/S.7838) sa bay egzanpsyon pou fanm pa peye taks lokal ak taks eta lè yo achte pwodui sa yo.

Gouvènè Cuomo te di: “sa se yon taks regresif sou pwodui esansyèl fanm te konn ap peye pandan twò lontan, epi elimine l se yon kesyon jistis sosyal ak ekonomik. Mwen mete chapo ba pou Manm Asanble Rosenthal ak Senatè Serino pou defans fèvan ak gwo efò yo te fè pou pase pwojè-lwa enpòtan sa.”

Fanm yo kòmanse ap peye taks sou pwodui ijyèn feminen yo depi lè yo te entwodui taks lavant eta an 1965, menm lè yo te egzante yon bann lòt pwodui tankou pwodui pou rejim ak kontrasepsyon.

New York se youn nan premye eta ki fè pati mouvman pou egzante taks lavant sou pwodui ijyèn feminen yo, ki konte ede fanm yo ekonomize lajan lè yo achte tanpon ak lòt pwodui konsa yo, yon montan yo estime ki se 10 milyon dola chak ane.

Senatè Sue Serino te di: “Ak lwa sa ki siyen jodi a, nou ap fè yon gwo pa vè lavan nan refòm lwa sou taks ki konplètman detache de reyalite nou yo, epi voye yon mesaj fèm bay fanm New York yo pou nou fè yo konnen nou tandè vwa yo. Nou t ap tann jou jodi a depi twò lontan epi mwen mete chapo ba pou Gouvènè Cuomo, ansanm ak kòlèg mwen yo nan sena, pou èd yo pou nou ka resi fè zafè taks sa vini yon bagay nan lefase. Mwen swete nou ka kontinye sou menm wout sa pou nou aplike bon sans nan lwa sou taks nou yo pandan nou ap travay pou nou fè eta pi bon mache pou tout Nouyòkè.”

Manm Asanble Linda B. Rosenthal te di: “Mwen fyè ke Gouvènè a te siyen lwa sa pou bay egzanpsyon taks lavant lokal ak taks leta pou pwodui ijyèn feminen sa yo. Lwa sa ki siyen an reprezante yon nouvo douvanjou. Fanm toupatou nan eta p ap santi fado taks sa, ke yo te mete sou pye nan yon tan kote fanm pa t fè pati gouvènman epi yo pa t patisipe nan pwosesis desizyon yo te konn pran yo, sou tèt yo ankò. Taks sou tanpon an regresif, epi elimine l pral pèmèt fanm yo evite chay anplis chak mwa sa pou yo peye pou taks sou pwodui ki deja twò chè pou anpil nan yo.”

###

W ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418